




Istwa Sarah

Mwen rele Sarah epi mari mwen ansanm avèk mwen, ansanm ak 2 pitit gason nou yo, nou abite nan Merrimack Valley. Pi jenn gason nou an gen sendwom Down epi li resevwa plizyè sèvis grasa Entèvansyon Bonè (EI). Sèvis nou yo te founi nan Zoom oswa Google Meets pandan 15 dènye mwa yo konsa. Nan kòmansman, tout bagay te mache byen, paske pitit gason mwen te toujou trè piti epi li pa t mobil. Anplisdesa, lòt pitit mwen ki pi gran resevwa sèvis atravè menm sant la, kidonk ekip swen an ap travay ak fanmi mwen depi plizyè lane. Nou gen yon bon relasyon epi nou te travay byen ansanm nan konpitè. Pandan peryòd fen prentan ak kòmansman peryòd lete a, vizit vityèl yo te vin pi difisil paske pitit gason mwen te kòmanse derape epi eseye fèmen laptop la pandan vizit yo.

Kidonk, lè yo te kòmanse pale de rekòmanse vizit fas-a-fas yo, mwen te santi m ni eksite ak ni nèvez. Pitit gason mwen te gen pwoblèm pou respire nan lepase epi sa te fèmen nèvez pou mwen te ekspozé li ak COVID la poutèt prezans terapès li. Sepandan, mwen te konnen li t ap grandi epi li pa t ap sipòte vizit vityèl yo ankò; pi gwo enpak la se terapi fas-a-fas ki ta kapab fè sa. Règleman sant la se te ke founisè yo pa t sipòze revele si yo te vaksinen oswa pa, men nou tout nou te pale de pwòp eksperyans ak vaksinasyon nou an anvan vizit fas-a-fas yo te an diskisyon, kidonk mwen te konnen ekip swen li te vaksinen nèt. Sa te fè m santi m plis an sekirite. Mwen rezève randevou pitit gason mwen an pou se premye vizit nan jounen yo, pou terapès la pa t ekspozé ak lòt timoun anvan li jou sa a. Nou mande tou pou tout moun lave men yo epi retire soulye yo lè yo antre nan kay la. Anplisdesa, ekip li te esplike mwen ke yo oblije mete mask pandan tout vizit yo, epi yo pa antre kay moun si adilt yo pa gen mask sou figi yo. Epitou yo sipòze rete a yon distans 6 pye (2 mètr) de fanmi a y ap vizite a tout tan (menmsi mwen konprann sa difisil pou fè ak timoun piti). Règ sa yo fèmen santi m pi byen pou kite moun antre nan lakay nou.

Premye vizit la te etonnen nou, jan li te pase byen a. Menm lè terapès li te gen yon mask sou figi li, pitit gason mwen te rekonèt terapès fizik li epi li te konnen montre li tout jwèt li genyen yo. Nou te fè kèk vizit deyò lakay la pou limite ekspozisyon ak viris la, men poutèt lameteyo pa t bon pandan sezon lete sa a, sa pa t toujou posib. Avèk varyan Delta a, mwen te plis nèvez toujou konsènan vizit yo epi mwen te eseye fèplis bagay deyò. Ekip li trè toleran epi nou benefisye anpil pou gross motorwork lè nou jwe deyò. Mwen toujou preyokipe konsènan peryòd livè a, men mwen panse benefis nan genyen yon terapès k ap travay dirèkteman ak pitit gason mwen vo lapènen pou pran risk la. Li fè anpil pwogrès nan anpil objektif depi li fè vizit fas-a-fas yo.